# MEKTEPKE SHEKEMGI BILIMLENDIRIW SHÓLKEMLERINDE TÁRBIYALIQ ISLERDE ZAMANAGÓY PEDAGOGIKALIQ TEXNOLOGIYALARDI QOLLANIW

**Ibraymova Roza Allanazarovna,**
*Ájiniyaz atındağı NMPIdiń Gumanitar hám jámiyetlik pánlerdi aralıqtan oqıtıw kafedrasınıń stajyor oqıtıwshısı.*
*E-mail: roza1973@mail.com*

**Najimova Gulparshın Quanıshbaevna,**
*Ájiniyaz atındağı NMPIdiń Gumanitar hám jámiyetlik pánlerdi aralıqtan oqıtıw kafedrasınıń stajyor oqıtıwshısı*

***Annotaciya:*** *Maqalada mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde tárbiya jumısları, pedagogikalıq texnologiyalar, tárbiyashı uqıpı, psixologiyalıq jantasıw hám metodlar kórsetilip ótilgen. Mektepke shekemgi tálim,mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde balalar tárbiyasın hám bilimin asırıw maqsetinde túrli metodlar keltirip ótilgen. Olardı tárbiyalıq islerde zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalar járdeminde metodlardan qóllanıwmız múmkinligi haqqında da sóz baradı.*

***Tayanısh sózler:*** *Pedagogikalıq texnologiya, tálim, "texnologiyalıq" jónelis, usıllar, psixologiyalıq tárbiya.*

Tálim-tárbiya processin texnologiyalastırıw tariyxına názer taslaytuğın bolsaq, bul process XX ásirdiń ekinshi yarımınan baslap obyektiv waqıyalıqqa aylandı. Texnologiyastırıw bolsa bul processtegi burılıs bolıp, yağnıy, tálimde xabar texnologiyası – bul tárbiyashı-bala-kompyuter ortasındağı qatnas bolıp esaplanadı.

Ózlestirilgen bilimlerdi ámeliyatta qollanıw jolları hám quralların biliw ǵana óndiris processlerin jetilistiriw, miynet quralları hám jańa texnologiyalardı jaratıw imkanın beredi.Keń kólemli hám bekkem bilim, kónlikpe, uqıp, qızıǵıwshılıq, baslamashılıq, mashqalalardı ǵárezsiz sheshiwde anıq maqsetke umtılıw hám jeke iskerlikke bolǵan talapshańlıq bala-jaslardıń dóretiwshilik qábiletlerin qáliplesiwiniń tiykarı. Balalardıń dóretiwshilik qábiletin qáliplestiriwdiń áhmiyetli shárti bul – iskerlik. Demek, pedagogtıń tiykarǵı wazıypası usı iskerlikti shólkemlestiriw formaları, metodları, usılları hám qualları hám baǵdarlardı durıs belgilep beriwshi zárúr xabarlar menen támiynlew bolıp esaplanadı. Maǵlıwmatlardıń hádden tıs kóp bolıwıda wazıypanı unamlı sheshe almaydı. Sonlıqtan xabar támiynatın pedagogikalıq tárepten basqarıw, olardıń aldıńǵı texnika hám texnologiya jetiskenlikleri menen bayıtılǵanlıǵın esapqa alıw maqsetke muwapıq. Búgingi kúnde

tálimdi rawajlandırıwdıń jańa basqıshında oqıtıwdı texniklıq qurallarsız joqarılatıp bolmaydı.Pedagogikalıq texnologiyalardıń áhmiyetli kórsetkishlerinen biri – xabarlardı mektepke shekemgi jastaǵı balalarǵa jetkeriw tezligi tikkeleyusı qurallar járdeminde ámelge asırıladı.

Solay etip, pánniń rawajlanıwı menen ilimiy-texnikalıq rawajlanıw bir-biri menen baylanıslı halda dóretiwshilik iskerlikti shólkemlestiriw processin xabarlar menen támiynlew málim dárejede basqarıw baǵdarların óz ishine aladı. Biraq oqıw shınıǵıwların tálim metodları menen bayıtıw tálim sisteması hám logikasın buzbawı kerek. Pedagogikalıq texnologiya balalarda dóretiwshilik qábiletti qáliplestiriwge múmkinshilik beriwshi xabarlar toplaw hamde olardan shınıǵıw processinde paydalanıw jolında belgili bir imkaniyatlardı jaratadı. Usı maǵlıwmatlar bolsa pán tiykarlarınıń xabarlar menen támiynleniw mazmunı hám dóretiwshilik metodların basqarıw imkaniyatların belgileydi.Oqıw baǵdarlamaları balalarǵa muwapıq mashqalalı yamasa diskussiyalı shınıǵıwlardıń shólkemlestiriliwi kritikalıq hám analizlew pikirlewiniń rawajlanıwı úlken áhmiyetke iye. Oqıw processinde diskussiyalı sabaqlardıń eki túri: ilimiy dodalaw sabaqları hám erkin pikirlew sabaqlarınan paydalanıladı.

Bul túrdegi metodlar interaktiv oqıtıwdıń quramlıq elementi esaplanadı. Házirgi kúnde interaktiv metodlardıń birneshe túrleri bar bolıp, oqıw materialınıń xarakteri, balalardıń jas hám psixologiyalıq qásiyetlerinen kelip shıqqan jaǵdayda tálim processinde olardıń hár birinen nátiyjeli paydalanıw múmkin.

**Interaktivmetod**– tálim processinde balalar hamde tárbiyashı ortasındaǵı belsendilikti asırıw arqalı balalardıń bilimlerdi ózlestiriwin aktivlestiriw, jeke sıpatların rawajlandırıwǵa xızmet etedi. Biziń mámleketimizde pedagogikalıq innovaciyalardıń rawajlanıwı pedagoglardıń háreketi menen mektepke shekemgi bilimlendiriwdiń tez rawajlanıwına bolǵan talap hám onı pedagog-tárbiyashılar ámelge asıra bilmewi ortasında júzege kelgen qarama-qarsılıqlar menen baylanıslı.

Pedagogikalıq innovaciyalardı tańlawda ámeliy is alıp barıwshı pedagogikalıq texnologiyalar orayı - maǵlıwmattıń baǵdarın anıqlaydı;jańalıqlardı engiziw hám qollanıwda ilimiy-metodikalıq tárepten járdem beredi; metodikalıq qollanba, baǵdarlama hám metodikalıq usınıslardı baspaǵa tayarlaydı da usınadı; bahalaw sisteması, balalardı mektepke tayarlaw, Mámleketlik tálim standartların engiziwdegi aldıńǵı tájiriybeler jıyındısın jaratadı; shet ellerdegi tálim tarawındaǵı tájiriybelerdi úyrenedi, salıstıradı hám usınıslar tayarlaydı; ámelge asırıwshılardı, en jaydırıwshılardı oqıtadı, bilimin asıradı, tájiriybe almasıwlardı shólkemlestiredi;

pedagogika tarawındaǵı alımlar, ilimiy izleniwshiler menen birgeliktegi islerin alıp baradı; innovaciyalardıń qollanılıwın dinamikalıq ráwishte baqlap baradı; innovaciyaga tiyisli Respublikalıq ilimiy-ámeliy Keńesler, konferensiyalardı shólkemlestiredi; bilim jetilistiriw orayları, qala, rayon metodikalıq hám baqsha pedagogikalıq keńeslerin jańa xabarlar, jańalıqlar menen támiynlep baradı.

Tálim texnologiyası, pedagogikalıq innovaciyalarǵa bunday sistemalı qatnas jasaw Mámleketlik tálim standartların ámelge asırıwda óz nátiyjesin kórsetedi.

Tálim-tárbiya processinde birgeliktegi oqıtıw texnologiyası metodlarınan paydalanıw hárbir balanı kúndelikli aqılıy miynetke, dóretiwshilik hám erkin pikir júrigiziwge úyretiw, shaxs sıpatında sanalı túrde tárbiyalaw, balada jeke qadir-qımbat seziminiń júzege keliwi, óz kúshi hám qábiletine bolǵan isenimin bekkemlew, tálim alıwda juwapkershilik sezimin qáliplestiriw kózde tutılǵan. Birgeliktegi oqıtıw texnologiyası har bir balanıń tálim alıwında topardı tabıslarǵa alıp keliwin ańlaǵan jaǵdayda úzliksiz hám shın kewilden aqılıy miynet etiwge, berilgen tapsırmalardı sıpatlı orınlawǵa, oqıw materialların puxta ózlestiriwge tiykar jaratadı.

Zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalarǵa muwapıq halda mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde oqıw-tárbiyalıq processti shólkemlestiriw usılları ózgermekte, bilimlendiriwdiń variativ usılları keń qollanılmaqta.

Tárbiyalıq islerdiń anıq maqseti hám wazıypaların belgilew bul bilimlendiriw shólkemi pedagogikalıq jámáát xızmetiniń mazmunın anıqlaydı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Abdullaeva X.A. SHınıǵıwlarda aktiv tálim usıllardan paydalanıw. – Farǵona: FarDU, 2008.
2. Avliyakulov N.X., Musaeva N.N. Pedagogikalıq texnologiyalar. – T.: ―Fan va texnologiyalar‖ nashrièti, 2008. – 164 b.
3. Fayzullaeva D.M., Ganieva M.A., Ne’matov I. Teoriyalıq va ámeliy oqıw shınıǵıwlarda oqıtıw texnologiyalari tóplami / Met.qwll. Órta arnawlı, kasb-hunar tálimida innovacion tálim texnologiyalari seriyasidan – T.: TDIU, 2013. – 137 b.
4. Ishmuhamedov R., Abduqodirov A., Pardaev A. Tálimda innovacion texnologiyalar / Tálim muassasalari tárbiyashı-tárbiyashılari ushın ámeliy usınıslar. – T.: ―Iste’dod‖ jamǵarmasi, 2008. – 180 b.